

LEMBAR KERJA PESERTA DIDIK (LKPD)

Tema 5 Micinta Indonesia

BASA SUNDA

Tujuan Pembelajaran :

Melalui pengamatan, teks bacaan siswa dapat mengidentifikasi istilah-istilah geografi dengan benar



Aktivitas

Titenan kalimah ieu di handap!

Bahaya gunung urug padataran banjir

Dina cutatan kalimah di luhur aya kecap gunung jeung padataran. Kecap gunung hartina tanah anu munjukul kacida luhurna, saluhureun pasir, biasana luhurna teh leuwih ti 600 meter. Ari kecap padataran hartina tanah datar, tanah rata atawa tanah lempar. Eta dua kecap teh kaasup kana istilah geografi.

Tangtu wae rea keneh istilah geografi sejenna. Geura pek titenan ku hidep!

- 1) Alun-alun = tanah lapang hareupeun kacamatan atawa kabupaten
- 2) Babakan = lembur anyar
- 3) Babantar = bagian walungan anu leah tur deet
- 4) Jungkrang = legok nu jero sarta sisi-sisina gurawes
- 5) Kebon = tanah darat nu dipelakan rupa-rupa pepelakan
- 6) Lamping = bagian gunung atawa pasir antara puncak jeung tutugan
- 7) Leuwi = bagian walungan anu jero
- 8) Muara = tungtung walungan di hilir
- 9) Pasir = gunung leutik sarta handap
- 10) Talaga = situ alam nu jadi nu maneh



Asyik Mencoba

Latihan 1 :

Eusian titik-titik dina kalimah nu aya di beulah kenca ku istilah geografi nu aya di beulah katuhu!

1. Lantaran jadi puseur pamarentahan, tangtu bae Bandung teh jadi ... nu pangramena di tatar Sunda.
2. ... Pangandaran geus jadi tujuan pariwisata mancanagara.
3. ... Ciremai pangluhurna di Jawa Barat.
4. Cimanuk ngaran ... nu pangpanjangna di Jawa Barat.
5. ... nyaeta tanah nu nyolodor ka laut.
6. Tempat kaluarna cinyusu nu engkena jadi walungan disebut
7. Kampung di luar kota nu diwangun ngan ku sabaraha imah disebut
8. Gunung leutik nu teu sabaraha luhur disebut
9. ... nyaeta tanah darat nu dipelakan rupa-rupa pepelakan.
10. Tanah tempat melak pare, dikembeng dikuriling ku galengan disebut

- a. Basisir
- b. Sirah cai
- c. Dayeuh
- d. Gunung
- e. Kebon
- f. Tanjung
- g. Lamping
- h. Lembur
- i. Sawah
- j. Pasir



